



# Anplwaye, Rezidan ak Fanmi Ki Aji Ansanm Ka Sispann Pwopagasyon COVID-19 nan Etablisman Rezidans Asiste yo

Depatman Sante Florid • [FloridaHealth.gov/COVID-19](https://www.floridahealth.gov/COVID-19)


## Sòti ak antre limite, epi mezi sekirite yo dwe respekte.

- Rezidan ki kite etablisman an regilyèman pou rezon medikal toujou mete yon mask pou figi.
- Nenpòt moun ki otorize antre nan etablisman an, toujou mete yon mask pou figi.
- Pwomnad, aktivite an gwoup ak manje an komen gen restriksyon oswa yo anile.
- Vizit yo limite oswa yo anile.
- Yo limite oswa anile antre volontè ak pèsònèl swen sante ki pa esansyèl, ansanm ak lòt moun ki bay sèvis tankou kwafè, travayè konstriksyon.



## Rezidan yo limite nan chanm yo.

- **Yo afiche avi nan chanm** yo ki endike rezidan yo pou yo rete nan chanm yo epi pa vizite zòn kominal yo.
- **Distans Sosyal**—omwen **6 pye** ant moun yo—andedan chanm lan epi yo siveye lè yon rezidan kite chanm li.
- **Yo kominike rezidan yo mizajou** sou chanjman nan swen, tankou depistaj sentòm pi souvan.
- Gen anplas pwosedi, orè ak pwodui **netwayaj ak dezenfeksyon**, ansanm ak itilizasyon dezenfektan ki anrejistre nan EPA.



## Yo evalue rezidan yo omwen yon fwa pa jou.

- Yo evalue rezidan yo pou lafyè, tous ak souf kout.
- Rezidan ki gen sentòm prale nan izòlman touswit.
- Rezidan ki santi yo malad dwe avèti estaf la touswit—kèlkeswa sentòm yo.



## Yo ankouraje pou rezidan yo pratike prevansyon COVID-19.

- Y ap siveye rezidan yo epi fè yo sonje pou yo pratike ijyèn men ak figi, epi pou yo kouvri tous yo avèk klinèks oswa anndan koubra yo.
- Lidè rezidan yo pral ede kominike ak ranfòse mezi prevansyon enpòtan yo.

